










# Èske siklòn Ida te domaje kay ou?

Men kèk konsèy enpòtan pou pwoteje kay ak lajan ou pandan w ap eseye re-kanpe sou pye ou.

## \$\$\$ ATANSYON ak moun k ap monte pri yo epi pote plent pou yo.

Anba eta ijans ki deklare a, biznis yo pa dwe monte twòp pri okenn machandiz oswa sèvis ki esansyèl pou sante oswa sekirite oswa yo fè pwomosyon li konsa. Sa gen ladan reparasyon kay, plonbri, sèvis elektrik.

Si ou panse yon biznis ogmante pri a pou reparasyon, depoze yon plent nan [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp) oswa **rele 311** epi di "Overcharge" (pri ki twò wo).

-  SÈLMAN sèvi ak yon antreprenè modènizasyon kay ki gen lisans Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) Vil New York. **Rele 311** oswa ale sou [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp) pou verifye eta lisans la.
-  ENSISTE sou plis pase yon referans-epi verifye yo. Epitou **rele 311** pouse tcheke si gen nenpòt plent ak DCWP.
-  Jwenn estimasyon ak kontra alekri. Vizite [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp) pou wè kisa dokiman sa yo ta dwe genyen ladan yo.
-  PA JANM peye tout pri a davans epi PA JANM peye lajan kach.
-  PA JANM pran kredi nan men yon antreprenè modènizasyon kay - li ilegal. Gen èd ki disponib nan [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov)
-  SÈLMAN sèvi ak yon plonbye oswa elektrisyen ki gen lisans Depatman Konstriksyon NYC (Department of Buildings, DOB) Vil New York. Ale sou [nyc.gov/buildings](https://nyc.gov/buildings) pou verifye eta lisans la.
-  MANDE pou wè pèmi yo. Tout travay elektrik ak pifò travay plonbri bezwen gen yon pèmi DOB.